

MEMORANDÒM

POU: Komite Lekòl la

DE: **Eva Mitchell, Ofisye Kontabilite Prensipal**

CC: Sipèentandant Brenda Cassellius
Chef Ekip Mary Dillman
Konseye Prensipal Megan Costello

DAT: **28 Jen 2021**

RE: Plan Finansman Sekou Dijans pou Lekòl Primè ak Segondè yo

Lekòl Piblik Boston (BPS) pral resevwa \$400 nan men Fon federal Elementary and Secondary Schools Emergency Relief (ESSER) pandan pwochen twa lane yo.

Nou nan pwosesis kreye yon plan ESSER ki pral sèvi kòm yon plan pou aloke fon sa yo nan fason ki soutni efò pou nou fè elèv yo retounen an sekirite, rekipere nan enpak pandemi a, epi o menm tan re-imagine kijan nou sèvi elèv yo ak kominote a. Plan ESSER nou an pral fonde nan Plan Stratejik 2020-2025 ki konsantre sou kominote a, epi n ap pwofite de plis fidbak nou te resevwa nan pil angajman nou te òganize konsènan opòtinite pou finansman sekou federal sa a.

Nan reyinyon Komite Lekòl 30 jen an, nou pral bay yon mizajou sou pwosesis angajman ESSER nou, domèn konsantrasyon yo pou investisman ESSER pou BP, ak alokasyon pou lekòl ki pwopoze, biwo distri k ap deplwaye nan tout lekòl yo, ak patnè BPS yo. N ap chache tout fidbak avan nou vanse avèk (1) demann nou pou Depatman Lekòl Primè ak Segondè yo distribye fon ESSER II, epi (2) Plan ESSER n ap planifye emèt 8 jiyè 2021 pou kòmantè piblik.